



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



## Pwogram Tès COVID-19 nan Lekòl Piblik Orange pou 2022-2023 a – **L'ap FiniJedi 11 Me 2023**

19 Avril 2023

Nou Salye Anplwaye, Fanmi, ak Gadyen nou yo,

Kreye yon anviwonman lekòl ki an sekirite pou anplwaye yo ak elèv yo se yon priyrite pou distri a. Se poutèt sa nou te etabli tès COVID-19 volontè a **gratis** chak semèn nan tout biling lekòl ki te relouvri pandan ane eskolè anvan an depi 24 Me 2021. Nou te re-lanse pwogram nan pou akomode elèv yo ak manm estaf yo pou ane eskolè 2022-2023 a. Tès COVID-19 yo disponib chak semèn nan chak lekòl epi se patnè distri a JL Hudson Holdings, LLC (JLHH) ki fasilite'l.

JLHH te enfòme dènyèman ke konpayi asirans yo ak lòt sous finansman yo pa ofri ranbousman ankò bay konpayi ki ofri tès COVID-19 woutin epi yo pral mande pou kopeman ak yon momtan sou depans medical yo. Kòm yon rezulta, JLHH pa kapab ofri tès COVID-19 la gratis pou anplwaye yo ak elèv yo ankò. An konsekans, **Jedi 11 Me 2023** a, se pral dènye jou yo pral ofri tès COVID-19 la gratis nan lekòl distri yo.

**Tanpri sonje.....**

1. Anplwaye ak fanmi yo pa bezwen fè okenn aksyon pou elèv ki enskri nan pwogram nan kounye a.
2. Pwogram nan pa aksepte nouvo aplikan ankò.
3. Distri a ap kontinye swivel orè tès COVID-19 la chak semèn jiska 11 Me 2023. Aprè sa, tès yo p'ap disponib ankò nan distri a. Pou plis enfòmasyon ak pou wè Orè Pwogram Tès COVID-19 distri a, tanpri vizite sit entènèt distri a (Paj Resous COVID-19) nan: <https://www.orange.k12.nj.us/domain/3058>

### **Pwogram sipèvizon pwogram ak konsiltasyon:**

JLHH pral kontinye bay sipèvizon medikal jiska 11 Me 2023. Sa pral asire elèv yo ak paran yo gen aksè a swen konsiltasyon, ki pral disponib atravè yon sistèm telefòn efikas.

### **Èske distri a ap toujou ofri Twous/Materyèl pou Tès Lakay la?**

1. Wi, yo ofri pwogram sa a gratis pou distri a, anplwaye yo, paran yo ak/oswa elèv yo jiska yon lòt avi.
2. Tout moun kalifye kèlkeswa si w genyen asirans oswa w pa genyen. Asirans pa obligatwa, epi yo pa pral kontakte konpayi asirans ou a konsènan pwogram nan.
3. Se sèlman 2 twous/materyèl ki disponib pa mwa, pou manm pèsonèl la ak elèv yo.
4. Kontakte enfimyè lekòl la pou enfòmasyon ak enskripsyon nan Pwogram Tès Lakay la.

### **5. Pwogram Twous/Materyèl Tès Lakay la ap fini 23 Jen 2023.**

**Ki moun pou'm kontakte konsènan kesyon sou Tès COVID-19 la?**

Dr. Sampson Davis  
Telefòn: 973-868-0615  
Imèl: CovidTestNY@gmail.com

**Ki moun pou'm kontakte sou kesyon nan lekòl mwen an?**

Kontakte direktè/direktris lekòl la oswa voye yon imèl konsènan kesyon ou yo nan:  
[reopeningofschools@orange.k12.nj.us](mailto:reopeningofschools@orange.k12.nj.us).

*"Lekòl Piblik Distri Orange lan pran angajman pou 'l bay yon anviwonman ki an sekirite epi ki pran swen kote yo atann pou chak elèv grandi ak reyisi. Nou pwomèt pou nou prepare tout elèv yo ak opòtinite ekitab pou preparasyon pou kolèj ak karyè, ki mennen nan aprantisaj k'ap dire tout lavi ak sitwayènte responsab nan yon kominate konpetitif."*

***"De Byen A Gran"***

Nan Patenarya avèk ou,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh II, Ed.D.  
Sipètentandan Lekòl yo